

Ki sa adaptasyon ye?

Adaptasyon/akomodasyon se chanjman ki fèt pou ede-ou aprann ladrès ak teknik oswa chanjman ki fèt pou fè travay nesès pou ede-ou aprann. Yo kapab enkli:

- sèvi ak diferan materyèl ki va fasilite aprann
- itilize sèvis espesyal
- bezwen opsyon espesyal pou egzamen
- bezwen ekipman ki adapte pou ou-menm

Adaptasyon pa dwe kreye yon "sikonstans eksepsyonnel" pou sant-la. Ou gen dwa pa jwenn adaptasyon ki pi chè-a oswa "meyè"-a men youn ki va ede-ou fè sa ou bezwen ki fèt. Kèk adaptasyon ak akomodasyon-sa-yo kapab apwopriye pou ou nan saldeklas-la epi nan kote pou ou pran egzamen:

- plis tan pou pran tès epi aprann
- egzamen endividyèl
- brèk pou repo ase souvan
- yon espas prive pou travay
- kalkilatè
- lektè
- pran nòt
- entèprèt ak pawòl oswa ak siy
- tep, enprime ak gwo karaktè oswa ekriti Braille-Bray
- repons tepe, tape oswa dikte
- klas espesyal oswa kote pou pran tès
- ekipman ki adapte
- enstriksyon ekri
- aparèy ki pou ede
- fasilite aksè nan bilding

Sonje: Nou ankouraje ou pale ak responsab sèvis pou moun andikape sou bezwen akomodasyon-ou.

Nimewo telefòn ou kapab rele:

Mande pwofesè oswa yon manm pèsònèl lekòl ou tcheke ki nimewo telefòn ki kapab itil ou.

Mezon enprimri ameriken pou avèg, Inc.	1-800-223-1839
Sant Resous Nasyonnal pou Ameriken andikape	1-800-949-4232
Komisyon menm chans egal pou tout anplwaye	1-800-669-3362
Koalisyon literasi nan Florid	1-800-237-5113
Sant nasyonnal tès GED	1-800-626-9433
Rezo pou asire akomodasyon nan travay	1-800-526-7234
Sèvis Nasyonnal Bibliyotèk pou avèg ak andikape fizik	1-800-424-8567
Administrasyon Sosyal sekirite	1-800-772-1213

Nimewo lokal nan Broward County:

Ajans pou moun andikape	Administrasyon	954-467-4218
	Admisyon	954-467-4377
Tranzit nan Brawad Kaounti (TOPS/Bezwen Espesyal)		954-357-6794
Karyè, Fòmasyon Teknik ak Edikasyon pou granmoun/kominotè		954-321-8400
Sant pou tandè ak kominikasyon TTY		954-601-1930
Telefòn espesyalize gratis ak evalyasyon jan youn moun tandè		954-601-1938
Sèvis pou avèg		954-497-3360
Prenmye kote ou kapab rele pou sekou		954-537-0211
Sant egzamen GED		754-321-8433
Bibliyotèk Broward County liv anrejistre sou tep oswa lòt aparèy		954-357-7555
Sant reyabilitasyon Ft. Lauderdale		954-677-5600
		954-202-3800 (Sèvis sante mantal)
Hollywood		954-893-5093 (Sèvis reyabilitasyon fizik ak defisi koyitif)

Pou plis ransèyman, kontakte responsab sèvis pou moun andikape.



The School Board of Broward County, Florida
Ann Murray, Chair • Laurie Rich Levinson, Vice Chair • Robin Bartleman • Maureen S. Dinnen
Patricia Good • Donna P. Korn • Katherine M. Leach • Nora Rupert • Benjamin J. Williams
Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki ka lakòz diskriminasyon sou baz laj, koule po, andikap, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, nasyonnalite, eta sivil, ras, retijyon, gason oswa fi, oswa preferans seksyèl. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Executive Director, Benefits & EEO Compliance nan nimewo telefòn 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun ki bezwen akomodasyon kapab rele Equal Educational Opportunities (EEO) nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. www.browardschools.com

Career, Technical, Adult and Community Education



Broward County Public Schools

YON ELÈV GRANMOUN AK ANDIKAP?

(An Adult Learner With A Disability?)

Sa ou dwe konnen...



Kisa yon andikap ye?*

Yon andikap se yon feblès mantal oswa fizik ki anpeche ou fè youn oswa plis aktivite ou vle fè oswa ou bezwen fè. Sa kapab vin difisil pou ou:

- **mache, wè, tande oswa respire**
- **pran swen tèt-ou**
- **aprann**
- **travay**

Granmoun ki gen andikap enkli, san limitasyon, moun ki gen pwoblèm medikal ki anpeche yo fonksyonnen nòmalman, maladi ak enfeksyon tankou:

- **andikap fizik (kò), vizyèl, pale epi tande**
- **kriz, defòmasyon misk, maladi nè**
- **kansè, maladi kè, dyabèt, enfeksyon ak viris imino defisyan (VIH)**
- **defisyans entelektyèl**
- **defisyans emosyonnel**
- **difikilte espesifik pou aprann**

Moun ki gen yon istwa feblès oswa yo konsidere tankou gen yon pwoblèm medikal ki anpeche yo fonksyonnen nòmalman yo konsidere moun-sa-yo kòm moun ki gen andikap tou.

(*jan sa esplike dapre Lwa gouvènman federal ak Lwa Eta)

Yon elèv granmoun avèk yon andikap? Kisa ou ta dwe konnen...

Si ou se yon moun ki gen yon andikap ou andwa gen fasilite ak adaptasyon. Yo dwe diskite bezwen-ou apre admisyon-ou nan pwogram-nan. Lekòl-la gen dwa mande dosye ki gen ransèyman sou jan ou kapab aprann.

Sonje!

Ou kapab rantre nan bilding-lan.

Ou kapab anwole nan yon pwogram pou elèv ki depase laj dizwitan.

Ou kapab jwenn asistans nan klas-la ak pandan tès-yo.



Si ou se yon elèv granmoun ak yon andikap ki ranpli tout kondisyon admisyon nan yon pwogram edikasyon, yo kapab garanti-ou menm chans ak lezòt.

Kisa ou kapab fè pou ou-menm

Nap ankouraje-ou pale ak responsab sèvis pou moun andikape si ou bezwen asistans konsènan adaptasyon ak akomodasyon.

Ou kapab pote dosye ak ransèyman sou nesosite pou lekòl-la ba-ou akomodasyon. Egzanp, enkli dosye medikal, sikolojik oswa dosye edikasyon, epitou yon plan reyabilitasyon vokasyonnel oswa sipò. Dosye-a (dosye-yo) dwe enkli: yon deskripsyon sou jan andikap-la afekte aptitud elèv-la pou li aprann, rekòmandasyon yo fè pou aplike estrateji espesifik, epi adaptasyon nan edikasyon andikap-la rann nesèsè. Demann-ou dwe baze sou abilte-ou gen kounye-a paske bezwen pou akomodasyon chanje nan letan.

Nou ankouraje ou pale ak responsab sèvis pou moun andikape sou sa ki te ede-ou aprann pi mye anvan.

Ou kapab aprann mye si ou konnen jan ou kapab ede tèt-ou. Aprann vin pwòp defansè-ou. Founi ransèyman sou nesosite pou ou jwenn akomodasyon. Tout ransèyman ap rete konfidansyèl.